lan-selaka	kemah-kula	ing-tengah	ing-siti	kapendhem	lan-pirsanana	lan-kula-mendhet
H3701	H0168	H8432	H0776	H2934	H2009	H3947

תַּחְתִּיָּה׃
ing-ngandhap
H8478

ing antawasipun barang jarahan punika kula tingali wonten jubahipun satunggal ingkang endah, damelan ing Sinear, sarta selaka kalih atus sekel, punapa dene jene salonjor ingkang wawratipun seket sekel; awit saking kepengin kula lajeng kula pendhet; lan barangipun sami kula dhelikaken wonten ing siti ing lebetipun kemah kula, selakanipun wonten ing ngandhap piyambak.”

טְמוּנָה	וְהִנָּה	הָאֳהֶלָה	וַיָּרָצוּ	מַלְאָכִים	יְהוֹשֻׁעַ	וַיִּשְׁלַח	22
kapendhem	lan-pirsanana	kemah	lan-tiyang-punika-mlayu	utusan	Yosua	lan-ngutus	
H2934	H2009	H0168	H7323	H4397	H3091	H7971	

תַּחְתִּיָּה׃	וְהַכֶּסֶף	בְּאָהֳלוֹ	
ing-ngandhap	lan-selaka	ing-kemah	
H8478	H3701	H0168	

Senapati Yusak banjur utusan uwong menyang ing kembah iku lan nyata barang-barange didhelikake ana ing kemahe Akhan, selakane ana ing ngisor dhewe.

							23
יְהוֹשֻׁעַ	אֶל־	וַיִּבְאוּם	הָאֹהֶל	מִתָּוךְ	וַיִּקָּחוּם		
Yosua	dhateng	lan-tiyang-punika-mbekta	kemah	saking-tengah	lan-tiyang-punika-mendhet		
H3091	H0413	H0935	H0168	H8432	H3947		

יְהוָה׃	לִפְנֵי	וַיַּצְּקֵם	יִשְׂרָאֵל	בְּנֵי	כָּל־	וְאֶל
Yehuwah	ing-ngajeng	lan-tiyang-punika-nyelehaken	Israel	putra-putra	sadaya	lan-dhateng
H3068	H6440	H3332	H3478		H3605	H0413

Kabeh iku tumuli dijupuki saka ing kemahe, digawa menyang ing ngarsane Sang Yusak lan menyang ing ngareping sakehe wong Israel, banjur disuntak ana ing ngarsane Sang Yehuwah.

										24
וְאֶת־	הָאַדֶּרֶת	וְאֶת־	הַכֶּסֶף	וְאֶת־	זֶרַח	בֶּן־	עָכָן	אֶת־	יְהוֹשֻׁעַ	וַיִּקַּח
lan	jubah	lan	selaka	lan	Zerah	putra	Akhan	dhateng	Yosua	lan-mendhet
H0853	H0155	H0853	H3701	H0853	H2226		H5912	H0853	H3091	H3947

חֲמֹרוֹ	וְאֶת־	שׂוֹרוֹ	וְאֶת־	בִּנְתָּיו	וְאֶת־	בָּנָיו	וְאֶת־	הַזָּהָב	לְשׁוֹן
kuldi	lan	lembu	lan	para-putra-estri	lan	para-putra-jaler	lan	emas	batangan
H2543	H0853	H7794	H0853	H1323	H0853		H0853	H2091	H3956

יִשְׂרָאֵל	וְכָל־	לוֹ	אֲשֶׁר־	כָּל־	וְאֶת־	אָהֳלוֹ	וְאֶת־	צֹאנוֹ	וְאֶת־
Israel	lan-sadaya	kagunganipun	ingkang	sadaya	lan	kemah	lan	wedhus	lan
H3478	H3605			H3605	H0853	H0168	H0853	H6629	H0853

עָכֹור׃	עֵמֶק	אֹתָם	וַיַּעֲלוּ	עִמּוֹ
Akhor	lebak	tiyang-punika	lan-tiyang-punika-nggawa	kaliyan-piyambakipun
H5911	H6010	H0853	H5927	

Senapati Yusak lan wong Israel kabeh tumuli padha nyekel Akhan bin Zerah sarta selakane, jubahe kang endah lan mase salonjor mau, dalah anake lanang lan wadon, sapine, kuldine lan wedhuse, apadene kemahe lan saduwek-duweke kabeh, banjur digawa menyang ing lebak Akhor.

עֲכַרְתָּנוּ		מָּה	יְהוֹשֻׁעַ	וַיֹּאמֶר	25
sampeyan–ndadosaken–cilaka–kawula		kenging–punapa	Yosua	lan–ngendika	
H5916		H4100	H3091	H0559	

וַיִּרְגְּמוּ	הַזֶּה	בַּיּוֹם	יְהוָה	יַעְכֶּרְךָ
lan–mbenteli	punika	ing–dinten	Yehuwah	Yehuwah–badhe–ndadosaken–cilaka–sampeyan
H7275	H2088	H3117	H3068	H5916

בָּאֵשׁ	אֹתָם	וַיִּשְׂרְפוּ	אֶבֶן	יִשְׂרָאֵל	כָּל־	אֹתוֹ
dening–geni	tiyang–punika	lan–ngobong	dening–sela	Israel	sadaya	piyambakipun
H0784	H0853	H8313	H0068	H3478	H3605	H0853

בָּאֲבָנִים׃	אֹתָם	וַיְסִקְלוּ
dening–sela	tiyang–punika	lan–mbenteli
H0068	H0853	H5619

Pangandikane Sang Senapati Yusak: “Kayadene anggonmu nekakake bilai marang aku kabeh, mangkono uga Sang Yehuwah ing dina iki uga ndhatengake bilai marang kowe.” Akhan tumuli kabenturan watu dening wong Israel kabeh, banjur diobong ing geni lan dikrutugi watu.

וַיָּשָׁב	הַזֶּה	הַיּוֹם	עַד	גָּדוֹל	אַבְנֵים	גַּל־	עָלָיו	וַיָּקִימוּ	26
lan–mbalik	punika	dinten	ngantos	ageng	sela	tumpukan	ing–nginggil	lan–ngadegaken	
H7725	H2088	H3117	H5704		H0068	H1530			

הַהוּא	הַמָּקוֹם	שֵׁם	קָרָא	כֵּן	עַל־	אַפּוֹ	מֵחֲרוֹן	יְהוָה
punika	panggenan	nami	dipunsebut	makaten	mila	bebendunipun	saking–murub	Yehuwah
H1931	H4725	H8034	H7121			H0639	H2740	H3068

פ	הַזֶּה׃	הַיּוֹם	עַד	עָכוֹר	עֵמֶק
P	punika	dinten	ngantos	Akhor	lebak
	H2088	H3117	H5704	H5911	H6010

Sawuse iku ing dhuwure diadegi tumpukan watu gedhe-gedhe kang isih nganti saprene. Mulading bebendune Sang Yehuwah banjur sirep. Mulane panggonan kono katelah lebak Akhor nganti tumeka ing dina iki.

Chapter 8

קַח	תְּחָת	וְאַל־	תִּירָא	אַל־	יְהוֹשֻׁעַ	אֶל־	יְהוָה	וַיֹּאמֶר	1
Pundhut	kuwatir	lan–sampun–	ajrih	Sampun–	Yosua	dhateng–	Yéhuwah	Lan–ngandika	
H3947	H2865	H0408	H3372	H0408	H3091	H0413	H3068	H0559	

וּרְאֵה	הָעָי	עֲלֵה	וְקוּם	הַמִּלְחָמָה	עַם	כָּל־	אֶת	עִמְּךָ
Mirsanana	Ai	minggah	lan–wungu	perang	tiyang	sedaya–	[obj]–	kaliyan–panjenengan
H7200	H5857	H5927		H4421		H3605	H0853	

עַמּוֹ	וְאֶת־	הָעַי	מֶלֶךְ	אֶת־	בְּיָדְךָ		נָתַתִּי
tiyang–ipun	lan–[obj]–	Ai	raja	[obj]–	wonten–asta–panjenengan		Kawula–sampun–maringi
	H0853	H5857	H4428	H0853	H3027		H5414

אַרְצוֹ׃	וְאֶת־	עִירוֹ	וְאֶת־
tanah–ipun	lan–[obj]–	kutha–ipun	lan–[obj]–
H0776	H0853		H0853

Sawuse mangkono Sang Yehuwah ngandika marang Senapati Yusak: “Sira aja wedi lan semplah atinira, sakehe bala gawanen, tumuli samektaa, ngluruga menyang ing kutha Ai. Kawruhana, ratu ing Ai dalah para kawulane, kuthane lan nagarane padha Sunulungake ing tanganira.

2

כַּאֲשֶׁר	וּלְמַלְכָּהּ	לָעַי	וְעָשִׂיתָ
kados-	lan-dhateng-raja-ipun	dhateng-Ai	Lan-panjenengan-badhe-nglampahi
	H4428	H5857	

שְׁלָלָהּ	רַק־	וּלְמַלְכָּהּ	לִירִיחוֹ	עָשִׂיתָ
jarahan-ipun	namung-	lan-dhateng-raja-ipun	dhateng-Yerikho	panjenengan-sampun-nglampahi
H7998	H7535	H4428	H3405	

שִׂים־	לָכֶם	תָּבֹוזּוּ	וּבְהֶמְתָּהּ
Pasangna-	kanggé-panjenengan	panjenengan-badhe-mendhet	lan-kéwan-ipun
		H0962	H0929

מֵאַחֲרֶיהָ׃	לָעִיר	אֹרֶב	לְךָ
saking-wingking-ipun	tumrap-kutha	tiyang-ngendhem	kanggé-panjenengan
		H0693	

Kutha Ai dalah saratune iku padha sira patrapana kaya dene kang wus sira trapake marang kutha Yerikho lan ratune, mung barang-barange lan rajakayane iku kena sira jarah. Sira barisa pendhem ana ing pungkurane kutha.”

3

יְהוֹשֻׁעַ	וַיִּבְחַר	הָעֲי	לַעֲלוֹת	הַמִּלְחָמָה	עִם	וְכָל־	יְהוֹשָׁעַ	וַיָּקָם
Yosua	lan-milih	Ai	kanggé-minggah	perang	tiyang	lan-sedaya-	Yosua	Lan-wungu
H3091	H0977	H5857	H5927	H4421		H3605	H3091	

לָיְלָה׃	וַיִּשְׁלָחֵם	הַחַיִל	גִּבּוֹרֵי	אִישׁ	אֶלֶף	שְׁלֹשִׁים
dalu	lan-ngutus-tiyang-menika	gagah	prajurit-	priya	èwu	tigang-dasa
H3915	H7971	H2428	H1368	H0376	H0505	H7970

Senapati Yusak tumuli siyaga dalah sakehe wadyabala, arep nglurug menyang kutha Ai, Sang Yusak milih wong telung puluh ewu, pahlawan-pahlawan kang gagah prakosa, iku padha dilakokake ing wayah bengi;

4

אֹרְבִים	אֹתָם	רְאוּ	לֵאמֹר	אֹתָם	וַיְצַו
ngendhem	panjenengan-sedaya	Mirsanana	ngandika	dhateng-tiyang-menika	Lan-dhawuh
H0693		H7200	H0559	H0853	H6680

וְהְיִיתֶם	מְאֹד	הָעִיר	מִן־	תַּרְחִיקוּ	אַל־	הָעִיר	מֵאַחֲרֵי	לָעִיר׃
lan-dados	sanget	kutha	saking-	tebih	sampun-	kutha	saking-wingking-	tumrap-kutha
H1961	H3966			H7368	H0408			

נְכֹנִים׃	כֻּלְּכֶם
samekta	panjenengan-sedaya
	H3605

sarta padha didhawuhi mangkene: “Kawruhana kowe padha barisa pendhem ana ing pungkurane kutha lan nempuh kutha iku, aja nganti kadohan saka ing kutha sarta kabeh padha siyagaa.

5

הָעִיר	אֶל־	נִקְרַב	אֹתִי	אֲשֶׁר	הָעָם	וְכָל־	וַאֲנִי
kutha	dhateng-	nyedhaki	kaliyan-kawula	ingkang-	tiyang	lan-sedaya-	Lan-kawula
	H0413	H7126	H0854			H3605	H0589

בָּרִאשֹׁנָה	כַּאֲשֶׁר	לְקִרָאתֵנוּ	יֵצְאוּ	כִּי־	וְהָיָה
ing-wiwitan	kados-	kanggé-mapak-kita	tiyang-menika-medal	manawi-	Lan-dados
H7223		H7125	H3318		H1961

לִפְנֵיהֶם׃	וְנַסְנוּ
saking-ngajeng-ipun	lan-kita-mlayu
H6440	H5127

Dene aku lan sakehe bala kang ndherek aku bakal padha nyedhaki kuthane, nuli samangsa wonge padha metu methukake aku kabeh kaya kang dhingin, aku bakal padha lumayu saka ing ngarepe.

6

הָעִיר	מִן־	אֹתָם	הִתִּיקָנוּ	עַד	אַחֲרֵינוּ	וְיָצְאוּ
kutha	saking–	tiyang–menika	kita–narik	ngantos–	wingking–kita	Lan–tiyang–menika–medal
		H0853	H5423	H5704		H3318

בָּרִאשֹׁנָה	כַּאֲשֶׁר	לִפְנֵינוּ	נָסִים	יְאֻמְרוּ		כִּי
ing–wiwitan	kados–	saking–ngajeng–kita	Mlayu	tiyang–menika–badhe–ngandika		amargi–
H7223		H6440	H5127	H0559		

לִפְנֵיהֶם׃	וְנַסְנוּ	
saking–ngajeng–ipun	Lan–kita–mlayu	
H6440	H5127	

Dadi wong-wong iku bakal padha metoni ngoyak aku kabeh, temah bakal dakpancing nganti adoh saka ing kutha, ujer bakal duwe pangucap: Wonge padha keplayu saka ing ngarep kita kaya sing uwis. Dene manawa aku padha lumayu saka ing ngarepe,

7

הָעִיר	אֶת־	וְהוֹרַשְׁתֶּם	מֵהָאוֹרֵב	תָּקֻמוּ	וְאַתֶּם	
kutha	[obj]–	lan–ngrebat	saking–pangendhem	wungu	Lan–panjenengan–sedaya	
	H0853	H3423	H0693			

בְּיֶדְכֶם׃	אֱלֹהֵיכֶם	יְהוָה	וּנְתָנָהּ	
wonten–asta–panjenengan	Gusti–Allah–panjenengan	Yéhuwah	lan–maringi–menika	
H3027	H0430	H3068	H5414	

kowe tumuli padha menyata saka ing pandhelikanmu, kuthane brokana. Pangeran Yehuwah Gusti Allahmu mesthi bakal ngulungake marang ing tanganmu.

8

אֶת־	תַּצִּיתוּ	הָעִיר	אֶת־	כְּתָפְשְׂכֶם	וְהָיָה	
[obj]–	panjenengan–badhe–ngobong	kutha	[obj]–	nalika–ngrebat–panjenengan	Lan–dados	
H0853	H3341		H0853	H8610	H1961	

רְאוּ	תַּעֲשׂוּ	יְהוָה	כִּדְבַר	בְּאֵשׁ	הָעִיר	
Mirsanana	panjenengan–badhe–nglampahi	Yéhuwah	miturut–pangandika–	kaliyan–geni	kutha	
H7200		H3068	H1697	H0784		

אֶתְכֶם׃	צִוִּיתִי
dhateng–panjenengan	Kawula–sampun–dhawuh
H0853	H6680

Dene sawise kuthane kokrayut, banjur obongen; kabeh iku padha tindakna ngetrepi dhawuhe Pangeran Yehuwah; gatekna, iku prentahku marang kowe.”

9

בֵּין	וַיֵּשְׁבוּ	הַמַּאְרָב	אֶל־	וַיֵּלְכוּ	יְהוֹשֻׁעַ	וַיִּשְׁלָחֵם
antawis–	lan–lenggah	pangendhem	dhateng–	lan–kesah	Yosua	Lan–ngutus–tiyang–menika
H0996	H3427	H3993	H0413	H3212	H3091	H7971

בְּתוֹךְ	הַהוּא	בַּלַּיְלָה	יְהוֹשֻׁעַ	וַיָּלֶן	לָעָי	מִיָּם	הָעַי	וּבֵין	בֵּית־אֵל
ing–tengah–	menika	ing–dalu	Yosua	Lan–nginep	Ai	kilèn–	Ai	lan–antawis–	Bèt-Èl
H8432	H1931	H3915	H3091		H5857	H3220	H5857	H0996	H1008

הָעָם׃
tiyang

Kaya mangkono dhawuhe Sang Yusak marang wong-wong mau, banjur padha mangkat menyang pandhelikane ana ing antarane kutha Betel lan Ai, ing sakulone kutha Ai. Nanging ing wayah bengi iku Senapati Yusak nyare ana ing satengahe rakyat.

הוּא	וַיַּעַל	הָעָם	אֶת־	וַיִּפְקֹד	בַּבֹּקֶר	יְהוֹשֻׁעַ	וַיַּשְׁכֵּם			10
piyambak–ipun	lan–minggah	tiyang	[obj]–	lan–ngetang	ing–énjing	Yosua	Lan–tangi–énjing			
H1931	H5927		H0853		H1242	H3091	H7925			

הָעָי׃	הָעָם	לִפְנֵי	יִשְׂרָאֵל	וְזִקְנָיו	
Ai	tiyang	ing–ngajeng–	Israèl	lan–para–pinituwa–	
H5857		H6440	H3478	H2205	

Esuke ing wayah bangun Sang Yusak wungu, nuli mriksa barisaning rakyat, sarta banjur bidhal menyang ing kutha Ai, kadherekake dening para tetuwane Israel, tindake ana ing ngarepe wadyabala.

וַיִּנְּשׁוּ	עָלוּ	אִתּוֹ	אֲשֶׁר	הַמִּלְחָמָה	הָעָם	וְכָל־		11
lan–nyedhak	minggah	kaliyan–piyambak–ipun	ingkang–	perang	tiyang	Lan–sedaya–		
H5066	H5927	H0854		H4421		H3605		

(בִּיעָיו)	[בינו]	וְהַעָי	לָעַי	מִצְּפוֹן	וַיַּחֲנוּ	הָעִיר	נֶגֶד	וַיָּבֹאוּ
antawis–ipun	[qere]	lan–lebak	Ai	ler–	lan–makemah	kutha	ngadhepi–	lan–dumugi
H0996	H0996	H1516	H5857	H6828	H2583		H5048	H0935

הָעָי׃	וּבֵין־	
Ai	lan–antawis–	
H5857	H0996	

Uga sakehe wadyabala kang ndherek tindake padha maju terus; padha mangsah ngangseg nganti tekan ing ngarepe kutha, banjur padha lereb ana ing salore kutha Ai, dadi lebake ana ing antarane wong-wong mau lan kutha Ai.

אֹרֶב	אוֹתָם	וַיָּשֶׂם	אִישׁ	אֲלָפִים	כַּחֲמֵשֶׁת	וַיִּקַּח	12
pangendhem	tiyang–menika	lan–mapanaken	priya	èwu	watawis–gangsal–	Lan–mendhet	
H0693	H0853		H0376	H0505	H2568	H3947	

לָעִיר׃	מִיָּם	הָעַי	וּבֵין	בֵּית־אֵל	בֵּין	
kutha	kilèn–	Ai	lan–antawis–	Bèt-Èl	antawis–	
	H3220	H5857	H0996	H1008	H0996	

Sang Senapati Yusak wus mundhut bala watara limang ewu kang padha didhawuhi baris pendhem ana ing antarane kutha Betel lan Ai, ing sakulone kutha.

וְאֶת־	לָעִיר	מִצְּפוֹן	אֲשֶׁר	הַמַּחֲנֶה	כָּל־	אֶת־	הָעָם	וַיָּשִׂימוּ	13
lan–[obj]–	kutha	ler–	ingkang–	pasukan	sedaya–	[obj]–	tiyang	Lan–mapanaken	
H0853		H6828		H4264	H3605	H0853			

הָעֵמֶק׃	בְּתוֹךְ	הַהִוּא	בַּלַּיְלָה	יְהוֹשֻׁעַ	וַיֵּלֶךְ	לָעִיר	מִיָּם	עֶקְבוֹ
lebak	ing–tengah–	menika	ing–dalu	Yosua	Lan–kesah	kutha	kilèn–	buntut–ipun
H6010	H8432	H1931	H3915	H3091	H3212		H3220	H6119

Dene carane mapagake bala iku mangkene: balane kabeh ana ing salore kutha lan barise pendhem ana ing sakulone kutha. Ing wayah bengi iku Sang Yusak lumampah miyos ing lebak kono.

14

אַנְשֵׁי־	וַיֵּצְאוּ	וַיַּשְׁכִּימוּ	וַיַּמַּהֲרוּ	הָעַי	מֶלֶךְ־	כְּרִאוֹת	וַיְהִי	
para–priya–	lan–medal	lan–tangi–énjing	lan–énggal	Ai	raja–	nalika–mirsani–	Lan–dados	
H0376	H3318	H7925		H5857	H4428	H7200	H1961	

עַמּוֹ	וְכָל־	הָוּא	לַמִּלְחָמָה	יִשְׂרָאֵל	לִקְרַאת־	הָעִיר	
tiyang–ipun	lan–sedaya–	piyambak–ipun	kanggé–perang	Israèl	kanggé–mapak–	kutha	
	H3605	H1931	H4421	H3478	H7125		

לֹא	וְהוּא	הָעֲרָבָה	לִפְנֵי	לַמּוֹעֵד	
mboten–	lan–piyambak–ipun	Arabah	ing–ngajeng–	ing–wekdal–ingkang–dipunkatemtokaken	
H3808	H1931	H6160	H6440	H4150	

:הָעִיר	מֵאַחֲרֵי	לוֹ	אֹרֵב	כִּי־	יָדַע	
kutha	saking–wingking–	tumrap–piyambak–ipun	pangendhem	bilih–	mangertos	
			H0693		H3045	

Ing wayah esuk bareng ratu ing Ai mirsa kang kaya mangkono iku, banjur enggal-enggal miyosi perang karo rakyate kabeh, wong-wong ing kutha kono, sarta banjur nempuh wong Israel ana ing ereng-ereng ing ngarepe lebak; Sang Prabu ora mirsa yen ing burine kutha ana barisane pendhem.

15

דָּרֶךְ	וַיָּנֻסוּ	לִפְנֵיהֶם	יִשְׂרָאֵל	וְכָל־	יְהוֹשֻׁעַ	וַיִּנָּגְעוּ	
margi–	lan–mlayu	ing–ngajeng–ipun	Israèl	lan–sedaya–	Yosua	Lan–dipunkalahaken	
H1870	H5127	H6440	H3478	H3605	H3091	H5060	

הַמִּדְבָּר׃	
ara-ara–samun	

Sang Senapati Yusak lan wong Israel kabeh nuli api-api kalah ana ing ngarepe bala ing Ai sarta banjur padha mlayu ngener ing ara-ara samun.

16

אֲחֵרֵיהֶם	לִרְדֹּף	)בָּעַי(	]בעיר[	אֲשֶׁר	הָעָם	כָּל־	וַיִּזָּעֲקוּ
wingking–ipun	kanggé–ngoyak	wonten–Ai	[ketib]	ingkang–	tiyang	sedaya–	Lan–sambat
	H7291	H5857				H3605	H2199

:הָעִיר	מִן־	וַיִּנָּתְקוּ	יְהוֹשֻׁעַ	אַחֲרֵי	וַיִּרְדְּפוּ	
kutha	saking–	lan–kapisah	Yosua	wingking–	lan–ngoyak	
		H5423	H3091		H7291	

Mulane sakehe wong kang ana ing jero kutha padha dikerigake lan padha ngoyak wong Israel; tumuli padha ngoyak Sang Yusak, nganti saya adoh anggone kapancing saka ing kutha.

17

אַחֲרֵי	יָצְאוּ	לֹא־	אֲשֶׁר	אֵלבֵּית	בָּעַי	אִישׁ	נִשְׁאַר	וְלֹא־
wingking–	medal	mboten–	ingkang–	lan–Bèt-Èl	wonten–Ai	priya	tilar	Lan–mboten–
	H3318	H3808		H1008	H5857	H0376	H7604	H3808

פ	:יִשְׂרָאֵל	אַחֲרֵי	וַיִּרְדְּפוּ	פְּתוּחָה	הָעִיר	אֶת־	וַיַּעַזְבוּ	יִשְׂרָאֵל
[para]	Israèl	wingking–	lan–ngoyak	menga	kutha	[obj]–	lan–nilar	Israèl
	H3478		H7291			H0853		H3478

Ora ana siji-sijia wong kang keri ana ing Betel lan Ai, kang ora metu ngoyak wong Israel; kuthane ditinggal suwung, amarga wong-wong padha ngoyak wong Israel.

18

אֲשֶׁר־	בַּכִּידֹון	נְטֻשָׁה	יְהוֹשֻׁעַ	אֶל־	יְהוָה	וַיֹּאמֶר
ingkang–	kaliyan–tombak	Julukna	Yosua	dhateng–	Yéhuwah	Lan–ngandika
	H3591	H5186	H3091	H0413	H3068	H0559

בְיָדֶךָ	כִּי	הָעַי	אֶל־	בְיָדֶךָ	
wonten–asta–panjenengan	amargi–	Ai	dhateng–	wonten–asta–panjenengan	
H3027		H5857	H0413	H3027	

בְיָדוֹ	אֲשֶׁר־	בַּכִּידֹון	יְהוֹשֻׁעַ	וַיֵּט	אֶתְנֶנָּה
wonten–asta–ipun	ingkang–	kaliyan–tombak	Yosua	Lan–njulukaken	Kawula–maringi–menika
H3027		H3591	H3091	H5186	H5414

אֶל־	הָעִיר׃
dhateng–	kutha
H0413	

Ing kono nuli ana dhawuhe Sang Yehuwah marang Senapati Yusak: “Tumbak kang ana ing tanganira iku acungna marang kutha Ai, amarga kutha iku Sunulungake ing tanganira.” Senapati Yusak banjur ngacungake tumbak kang ana ing astane marang ing kutha Ai.

19

כִּנְטֻתֹּות	וַיָּרוּצוּ	מִמְקֹומָו	מְהֵרָה	קָם	וְהָאוֹרֵב	
nalika–njulukaken	lan–mlayu	saking–panggenan–ipun	énggal	wungu	Lan–pangendhem	
H5186	H7323	H4725	H4120		H0693	

הָעִיר	אֶת־	וַיִּצְיתוּ	וַיְמַהֲרוּ	וַיִּלְכְּדוּהָ	הָעִיר	וַיָּבֹאוּ	יָדֹו
kutha	[obj]–	lan–ngobong	lan–énggal	lan–ngrebat–menika	kutha	lan–mlebet	asta–ipun
	H0853	H3341		H3920		H0935	H3027

בָּאֵשׁ׃
kaliyan–geni
H0784

Bareng astane kaacungake baris pendhem mau banjur age-age jumedhul saka ing pandhelikane, mak nyat padha lumayu lumebu ing kutha, kang banjur karebut lan enggal-enggal diobong.

20

עָשָׁן	עָלָה	וְהִנֵּה	וַיִּרְאוּ	אַחֲרֵיהֶם	הָעַי	אֲנָשָׁיו	וַיִּפְנוּ	
kukus–	minggah	lan–mangké	lan–mirsani	wingking–ipun	Ai	para–priya–	Lan–nolèh	
H6227	H5927	H2009	H7200		H5857	H0376	H6437	

הֵנָּה	לָנוּס	יָדֵים	בָּהֶם	הָיָה	וְלֹא־	הַשָּׁמַיְמָה	הָעִיר׀
mriki–	kanggé–mlayu	tangan	wonten–tiyang–menika	wonten	lan–mboten–	langit	kutha
H2008	H5127	H3027		H1961	H3808	H8064	

הָרוֹדֵף׃	אֶל־	נֶהְפָּךְ	הַמִּדְבָּר	הַנָּס	וְהָעָם	וָהֵנָּה	
ingkang–ngoyak	dhateng–	malik	ara-ara–samun	ingkang–mlayu	lan–tiyang	lan–mrika	
H7291	H0413	H2015		H5127		H2008	

Bareng wong ing Ai padha noleh ndeleng, lah pegane kutha kumelun marang ing langit; wong-wong iku wus ora bisa mlayu mrene utawa mrana, amarga bala kang lumayu menyang ara-ara samun padha cengkelak bali nempuh marang kang padha ngoyak.

21

הָעִיר	אֶת־	הָאֹרֵב	לָכֵד	כִּי־	רָאוּ	יִשְׂרָאֵל	וְכָל־	וַיהוֹשֻׁעַ
kutha	[obj]–	pangendhem	ngrebat	bilih–	mirsani	Israèl	lan–sedaya–	Lan–Yosua
	H0853	H0693	H3920		H7200	H3478	H3605	H3091

הָעָי׃	אֲנָשָׁי	אֶת־	וַיַּכּוּ	וַיָּשֻׁבוּ	הָעִיר	עָשָׁן	עָלָה	וְכִי
Ai	para–priya–	[obj]–	lan–ngalahaken	lan–wangsul	kutha	kukus–	minggah	lan–bilih–
H5857	H0376	H0853	H5221	H7725		H6227	H5927	

Bareng Sang Yusak lan wong Israel kabeh weruh yen kuthane wus kena karayud dening baris pendhem lan pegane kutha kumelun, tumuli padha minger lan nggecak wong-wong Ai.

לְיִשְׂרָאֵל֙	וַיִּהְיוּ	לִקְרָאתָ֔ם	הָעִ֖יר	מִן־	יָצְא֣וּ	וְאֵלֶּ֑ה		22
kanggé–Israèl	lan–dados	kanggé–mapak–tiyang–menika	kutha	saking–	medal	Lan–punika		
H3478	H1961	H7125			H3318	H0428		

אוֹתָ֔ם	וַיַּכּ֖וּ	מִזֶּ֑ה	וְאֵלֶּ֣ה	מִזֶּ֔ה	אֵלֶּ֖ה	בַּתָּ֥וְךְ	
tiyang–menika	lan–ngalahaken	saking–mrika	lan–punika	saking–mriki	punika	ing–tengah	
H0853	H5221	H2088	H0428	H2088	H0428	H8432	

וּפָלֵ֖יט׃	שָׂרִ֑יד	לוֹ֙	הִשְׁאִ֣יר־	בִּלְתִּ֔י	עַד־	
utawi–ingkang–lolos	ingkang–tilar	kanggé–piyambak–ipun	nilar–	mboten–	ngantos–	
	H8300		H7604	H1115	H5704	

Apamaneh wong Israel liyane uga padha metu saka kutha melu nggecak wong-wong Ai, temah padha kecepit ana ing satengahe wong Israel, sing iki saka ing kene, sing kae saka ing kana, banjur padha dipateni, nganti wus ora ana siji-sijia kang oncat utawa luwar.

יְהוֹשֻׁ֔עַ׃	אֶל־	אֹתָ֑ו	וַיַּקְרִבוּ֙	חָ֣י	הָעָ֔י	מֶ֖לֶךְ	וְאֶת־		23
Yosua	dhateng–	piyambak–ipun	lan–mbeta	gesang	Ai	raja–	Lan–[obj]–		
H3091	H0413	H0853	H7126		H5857	H4428	H0853		

Nanging ratu ing Ai nuli dicepeng gesang-gesangan, banjur diladekake marang ing ngarsane Sang Senapati Yusak.

יִשְׂבֵּי	כָּל־	אֶת־	לַהֲרֹ֣ג	יִשְׂרָאֵ֗ל	כִּכְלוֹת֙	וַיְהִ֔י		24
ingkang–manggen–	sedaya–	[obj]–	kanggé–mejahi	Israèl	nalika–rampung–	Lan–dados		
H3427	H3605	H0853	H2026	H3478	H3615	H1961		

וַיִּפְל֣וּ	בּ֔וֹ	רְדָפ֑וּם	אֲשֶׁ֣ר	בַּמִּדְבָּ֗ר	בַּשָּׂדֶ֔ה	הָעַ֖י	
lan–dhawah	ing–menika	ngoyak–tiyang–menika	ingkang–	ing–ara–ara–samun	ing–ara–ara	Ai	
H5307		H7291				H5857	

יִשְׂרָאֵ֔ל	כָּל־	וַיָּשֻׁ֖בוּ	תֻּמָּ֑ם	עַד־	חֶ֣רֶב	לְפִי־	כֻּלָּ֖ם	
Israèl	sedaya–	lan–wangsul	telas–ipun	ngantos–	pedhang	déning–landheping–	sedaya–ipun	
H3478	H3605	H7725	H8552	H5704	H2719	H6310	H3605	

חָ֔רֶב׃	לְפִי־	אֹתָ֑הּ	וַיַּכּ֖וּ	הָעָ֔י
pedhang	déning–landheping–	menika	lan–ngalahaken	Ai
H2719	H6310	H0853	H5221	H5857

Bareng bangsa Israel wus rampung anggone mateni sakehing wong ing kutha Ai ana ing ara-ara kang ngeblak, -- anggone padha ngoyak mrono iku -- lan sawuse kabeh padha dipateni kalawan landheping pedhang, nganti tumpes tapis, wong Israel kabeh tumuli padha bali menyang ing kutha Ai lan nggecak kutha iku kalawan landheping pedhang.

אִשָּׁ֔ה	וְעַד־	מֵאַ֑יִשׁ	הַהוּא֙	בַּיּ֔וֹם	הַנֹּפְלִ֖ים	כָּל־	וַיְהִ֣י		25
wanita	lan–ngantos–	saking–priya	menika	ing–dinten	ingkang–dhawah	sedaya–	Lan–dados		
H0802	H5704	H0376	H1931	H3117	H5307	H3605	H1961		

הָעָֽי׃	אַנְשֵׁ֣י	כֹ֔ל	אֶ֖לֶף	עָשָׂ֑ר	שְׁנֵ֥ים	
Ai	para–priya–	sedaya–	èwu	welas	kalih–welas–	
H5857	H0376	H3605	H0505	H6240	H8147	

Cacahe wong kang padha kapatenan ing dina iku, lanang wadon ana rolas ewu, kabeh wong ing kutha Ai.

בַּכִּידֹון	נְטָה	אֲשֶׁר	יָדֹו	הַשֵּׂיב	לְא־	וַיהוֹשֻׁעַ		26
kaliyan–tombak	njulukaken	ingkang–	asta–ipun	narik–wangsul	mboten–	Lan–Yosua		
H3591	H5186		H3027	H7725	H3808	H3091		

הָעָי׃	יֹשְׁבֵי	כָּל־	אֶת	הֶחֳרִים	אֲשֶׁר	עַד	
Ai	ingkang–manggen–	sedaya–	[obj]–	numpes	ingkang–	ngantos–	
H5857	H3427	H3605	H0853			H5704	

Senapati Yusak tansah ngagagake astane kang ngasta tumbak, nganti sakehe wong kang manggon ing kutha Ai wus padha kasirnakake kabeh.

יִשְׂרָאֵל	לָהֶם	בָּזַזוּ	הַהִיא	הָעִיר	וּשְׁלָלֹ	הַבְּהֵמָה	רַק	27
Israèl	kanggé–piyambak–ipun	njarah	menika	kutha	lan–jarahan–	kéwan	Namung–	
H3478	H1992	H0962	H1931		H7998	H0929	H7535	

יְהוֹשֻׁעַ׃	אֶת־	צִוָּה	אֲשֶׁר	יְהוָה	כִּדְבַר
Yosua	[obj]–	dhawuh	ingkang–	Yéhuwah	miturut–pangandika–
H3091	H0853	H6680		H3068	H1697

Mung rajakaya lan barang-barang isining kutha iku padha dijarah wong Israel, nocogi pangandikane Pangeran Yehuwah kang wus kadhawuhake marang Senapati Yusak.

שְׁמָמָה	עוֹלָם	תֵּל־	וַיְשִׂימֶהָ	הָעָי	אֶת־	יְהוֹשֻׁעַ	וַיִּשְׂרֹף	28
sunyi	salami–lami–ipun	tumpukan–	lan–damel–menika	Ai	[obj]–	Yosua	Lan–ngobong	
	H5769	H8510		H5857	H0853	H3091	H8313	

הַזֶּה׃	הַיּוֹם	עַד	
punika	dinten	ngantos–	
H2088	H3117	H5704	

Kutha Ai banjur diobong dening Sang Yusak, kadadekake gempuran ing salawase, dadi papan kang suwung blung tumeka ing dina iki.

הָעֵרֶב	עֵת	עַד־	הָעֵץ	עַל־	תָּלָה	הָעָי	מֶלֶךְ	וְאֶת־	29
sonten	wekdal–	ngantos–	wit	wonten–	nggantung	Ai	raja–	Lan–[obj]–	
H6153	H6256	H5704	H6086		H8518	H5857	H4428	H0853	

מִן־	נִבְלָתֹו	אֶת־	וַיָּרִימוּ	יְהוֹשֻׁעַ	צִוָּה	הַשֶּׁמֶשׁ	וּכְבוֹא
saking–	layun–ipun	[obj]–	lan–nurunaken	Yosua	dhawuh	srengéngé	lan–nalika–mlebet–
	H5038	H0853	H3381	H3091	H6680	H8121	H0935

וַיָּקִימוּ	הָעִיר	שַׁעַר	פֶּתַח	אֶל־	אוֹתָהּ	וַיַּשְׁלִיכוּ	הָעֵץ
lan–ngadegaken	kutha	gapura–	lawang–	dhateng–	menika	lan–mbucal	wit
		H8179	H6607	H0413	H0853	H7993	H6086

פ	הַזֶּה׃	הַיּוֹם	עַד	גָּדוֹל	אֲבָנִים	גַּל־	עָלָיו
[para]	punika	dinten	ngantos–	ageng	séla	tumpukan–	wonten–inggil–ipun
	H2088	H3117	H5704		H0068	H1530	

Dene ratu ing Ai iku digantung ing saka, nganti tumeka ing wayah sore. Bareng wayah suruping srengenge, Sang Yusak dhawuh ngudhunake layone saka ing saka mau, banjur dibuwang ing ngarepe gapuraning kutha sarta diadegi tumpukan watu gedhe-gedhe, kang isih lestari nganti tumeka saprene.

יִשְׂרָאֵל	אֱלֹהֵי	לַיהוָה	מִזְבֵּחַ	יְהוֹשֻׁעַ	יִבְנֶה	אָז		30
Israèl	Gusti–Allah–	kanggé–Yéhuwah	mesbèh	Yosua	mbangun	Nalika–menika		
H3478	H0430	H3068	H4196	H3091	H1129			

עֵיבָל׃	בְּהַר
Èbal	wonten–redi–
	H2022

Sawuse mangkono Sang Senapati Yusak tumuli yasa misbyah konjuk marang Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe Israel ana ing gunung Ebal,

כַּכָּתוּב kados–ingkang–katulis H3789 יִשְׂרָאֵל Israèl H3478 בְּנֵי para–putra– H1121 אֶת־ [obj]– H0853 יְהוָה Yéhuwah H3068 עֶבֶד־ abdi– H5650 מֹשֶׁה Musa H4872 צִוָּה dhawuh H6680 כַּאֲשֶׁר Kados– 31

הֵנִיף ngangkat לְא־ mboten– H3808 אֲשֶׁר ingkang– שְׁלֵמוֹת wutuh H8003 אֲבָנִים séla H0068 מִזְבַּח mesbèh– H4196 מֹשֶׁה Musa H4872 תּוֹרַת Torèt– H8451 בְּסֵפֶר wonten–kitab–

לַיהוָה kanggé–Yéhuwah H3068 עֹלוֹת kurban–obaran עָלָיו wonten–inggil–ipun וַיַּעֲלוּ lan–nyaosaken H5927 בַּרְזֶל wesi H1270 עֲלֵיהֶן wonten–inggil–ipun

שְׁלָמִים׃ kurban–wilujeng H8002 וַיִּזְבְּחוּ lan–nyembelèh H2076

kaya kang wus didhawuhake dening Nabi Musa, abdine Pangeran Yehuwah marang wong Israel, iya kaya kang wus tinulisan ana ing Kitab Torete Nabi Musa; misbyah iku kang digawe watu wutuhan, kang ora kagepok ing piranti wesi apa bae; wong-wong banjur padha nyaosake kurban obaran marang Pangeran Yehuwah ana ing misbyah kono, sarta padha ngurbanake kurban slametan.

אֲשֶׁר ingkang– מֹשֶׁה Musa H4872 תּוֹרַת Torèt– H8451 מִשְׁנֵה salinan– H4932 אֵת [obj]– H0853 הָאֲבָנִים séla H0068 עַל־ wonten– שָׁם wonten–mrika H8033 וַיִּכְתָּב־ Lan–nyerat– H3789 32

יִשְׂרָאֵל׃ Israèl H3478 בְּנֵי para–putra– לִפְנֵי ing–ngajeng– H6440 כָּתַב nyerat H3789

Watune padha ditulisi turunane angger-anggere Nabi Musa, panyerate Sang Yusak iki sineksenan dening wong Israel.

עִמְדִים ngadeg H5975 וְשֹׁפְטָיו lan–para–hakim–ipun H8199 וְשֹׁטְרִים lan–para–pejabat H7860 וּזְקֵנָיו lan–para–pinituwa–ipun H2205 יִשְׂרָאֵל Israèl H3478 וְכָל־ Lan–sedaya– H3605 33

הַלְוִיִּם tiyang–Lèwi H3881 הַכֹּהֲנִים para–imam H3548 נֶגֶד ngadhepi– H5048 לָאָרוֹן tumrap–pethi–prajanjèn H0727 וּמִזֶּה lan–saking–mrika H2088 מִזֶּה saking–mriki H2088

כָּאֶזְרָח kados–tiyang–asli H0249 כַּגֵּר kados–tiyang–manca H1616 יְהוָה Yéhuwah H3068 בְּרִית־ prajanjèn– H1285 אֲרוֹן pethi– H0727 וּנְשֹׂאֵי ingkang–mbekta– H5375

הַר־ redi– H2022 מוּל ngadhepi– H4136 אֶל־ dhateng– H0413 וְהַחֻצְיוֹ lan–separo–ipun H2677 גְּרִזִּים Gèrizim H1630 הַר־ redi– H2022 מוּל ngadhepi– H4136 אֶל־ dhateng– H0413 חֻצְיוֹ separo–ipun H2677

יִשְׂרָאֵל Israèl H3478 הָעָם tiyang אֶת־ [obj]– H0853 לְבָרֵךְ kanggé–mberkahi H1288 יְהוָה Yéhuwah H3068 עֶבֶד־ abdi– H5650 מֹשֶׁה Musa H4872 צִוָּה dhawuh H6680 כַּאֲשֶׁר kados– עֵיבָל Èbal

בָּרִאשֹׁנָה׃ ing–wiwitan H7223

Wong Israel kabeh, para tetuwane, para tetindhihe wadyabala lan para hakime padha ngadeg ana ing sakiwa-tengening pethi, adu arep karo para imam kang pancen saka suku Lewi kang ngusung pethi prasetyaning Sang Yehuwah, iya wong ngamanca iya wong pribumi, salong madhep marang gunung Gerizim, salong madhep marang gunung Ebal kaya kang biyen didhawuhake dening Nabi Musa, abdining Sang Yehuwah, manawa wong mberkahi bangsa Israel.

34 וְאַחֲרֵי־ כֵּן מָקְרָא־ אֶת־ כָּל־ דִּבְרֵי הַתּוֹרָה הַבְּרָכָה וְהַקְלָלָה
Lan–sasampun– menika maos [obj]– tembung– sedaya– berkah lan–laknat
H7121 H0853 H1697 H3605 H1293 H7045

כְּכָל־ מִתְּרוּת־ כָּל־ הַכָּתוּב בְּסֵפֶר הַתּוֹרָה׃
miturut–sedaya– ingkang–katulis wonten–kitab– Torèt
H3605 H3789 H8451

35 לֹא־ מְבוֹתֶן אֲשֶׁר־ עִנְיָה מֹשֶׁה צִוָּה אֲשֶׁר־ מִכֹּל דָּבָר הָיָה לֹא־ מְבוֹתֶן
Mboten– saking–sedaya– ingkang– dhawuh Musa ingkang– mboten–
H3808 H3605 H6680 H4872 H3808

וְהַשֹּׁף וְהַנָּשִׁים יִשְׂרָאֵל קָהָל כָּל־ נֶגֶד יְהוֹשֻׁעַ קָרָא
lan–para–laré lan–para–wanita Israèl pasamuwan– sedaya– ing–ngajeng– Yosua maos
H2945 H0802 H3478 H6951 H3605 H5048 H3091 H7121

פ בְּקִרְבָּם׃ הַהֹלֵךְ וְהַגֵּר
[para] ing–antawis–ipun ingkang–mlampah lan–tiyang–manca
H7130 H1980 H1616

Kabeh kang wus kaprentahake dening Nabi Musa ora ana satembung bae kang ora diwaos dening Senapati Yusak ana ing ngarepe pasamuwane Israel kabeh, sarta ing ngarepe para wong wadon lan bocah-bocah, tuwin bangsa ngamanca kang padha melu ing lakune.

Chapter 9

1 בָּעֵבֶר הַיַּרְדֵּן בְּעִבְרָ֣ אֲשֶׁר֮ הַמְּלָכִים כָּל־ כִּשְׁמֹעַ וַיְהִי
ing–redi Yordan ing–sabrang– ingkang– para–raja sedaya– nalika–mireng– Lan–dados
H2022 H3383 H5676 H4428 H3605 H8085 H1961

מוּל אֶל־ הַגָּדוֹל הַיָּם חוֹף וּבְכֹל וּבַשְּׁפֵלָה
ngadhepi– dhateng– ageng seganten pesisir– lan–ing–sedaya– lan–ing–dataran–andhap
H4136 H0413 H3220 H2348 H3605 H8219

וְהַיְבוּסִי׃ הַחִוִּי הַפְּרִזִּי הַכְּנַעֲנִי וְהָאֱמֹרִי הַחִתִּי הַלְּבָנוֹן
lan–tiyang–Yebus tiyang–Hiwi tiyang–Pèrizi tiyang–Kanaan lan–tiyang–Amori tiyang–Hèt Libanon
H2983 H2340 H6522 H0567 H2850 H3844

Bareng bab iku kapireng dening para ratu kang ana ing sakulone bengawan Yarden, ing pagunungan, ing tanah ngare lan ing sauruting pesisire segara Gedhe tumeka ing sisih kanane gunung Libanon, yaiku ratune bangsa Het, bangsa Amori, bangsa Kanaan, bangsa Feris, bangsa Hewi lan bangsa Yebus,

2 וַיִּתְקַבְּצוּ לְהִלָּחֶם עִם־ יְהוֹשֻׁעַ וְעִם־ יִשְׂרָאֵל
Lan–ngempalaken sesarengan kanggé–perang kaliyan– Yosua kaliyan– lan–kaliyan– Israèl
H6908 H3161 H3091 H5973 H3478

פ אֶחָד׃ פֶּה
[para] setunggal cangkem–
H0259 H6310

para ratu mau nuli saiyeg padha arep nempuh prang nglawan Sang Yehuwah lan wong Israel.

יְהוֹשֻׁעַ	עָשָׂה	אֲשֶׁר	אֵת	שָׁמְעוּ	גִּבְעוֹן	וְיֹשְׁבֵי	3
Yosua	nglampahi	punapa–ingkang–	[obj]–	mireng	Gibéon	Lan–ingkang–manggen–	
H3091			H0853	H8085	H1391	H3427	

וְלָעָי׃	לִירִיחוֹ
lan–dhateng–Ai	dhateng–Yerikho
H5857	H3405

Nanging wong Gibeon bareng padha krungu apa kang katandukake dening Sang Yusak marang Yerikho lan Ai,

וַיַּצְתָּרוּ	וַיֵּלְכוּ	בְעָרְמָה	הֵמָּה	גַּם־	וַיַּעֲשׂוּ		4
lan–pura-pura–dados–utusan	lan–kesah	kaliyan–licik	piyambak–ipun	ugi–	Lan–nglampahi		
H6737	H3212	H6195	H1992	H1571			

וּמְבֻקָּעִים	בָּלִים	יַיִן	וְנֹאדוֹת	לַחֲמֵוֹרֵיהֶם	בָּלִים	שַׂקִּים	וַיִּקָּחוּ
lan–pecah	lawas	anggur	lan–kirbat–	kanggé–kuldi–ipun	lawas	kantong	Lan–mendhet
H1234	H1087	H3196	H4997	H2543	H1087	H8242	H3947

וּמְצֹרָרִים׃
lan–ditambel

tumuli padha nindakake akal: padha cepak-cepak sangu, kuldine padha dimoti karung kang elek-elek, karo impes wadhah anggur kang elek-elek kang wus jithet-jithetan;

בָּלוֹת	וּשְׁלֻמוֹת	בִּרַגְלֵיהֶם	וּמְטֻלָאוֹת	בָּלוֹת	וּנְעָלוֹת	5
lawas	lan–pangangge	wonten–samparan–ipun	lan–ditambel	lawas	Lan–trompa	
H1087	H8008	H7272	H2921	H1087	H5275	

נִקְדִּים׃	הָיָה	יָבֵשׁ	צִידָם	לֶחֶם	וְכֹל	עֲלֵיהֶם
remuk	dados	garing	bekal–ipun	roti–	lan–sedaya–	wonten–inggil–ipun
H5350	H1961	H3001	H6720	H3899	H3605	

sikile padha dianggoni trumpah kang elek-elek lan tambalan, sarta padha nganggo sandhangan kang wus lungsed; lan sangune roti kabeh wus garing, kari gogrogan thok.

וַיֹּאמְרוּ	הַגִּלְגָּל	הַמַּחֲנֶה	אֶל־	יְהוֹשֻׁעַ	אֶל־	וַיֵּלְכוּ	6
lan–ngandika	Gilgal	pasukan	dhateng–	Yosua	dhateng–	Lan–kesah	
H0559	H1537	H4264	H0413	H3091	H0413	H3212	

בָּאנוּ	רְחוֹקָה	מֵאֶרֶץ	יִשְׂרָאֵל	אִישׁ	וְאֶל־	אֲלֵיו
kita–dhateng	tebih	saking–tanah–	Israèl	priya–	lan–dhateng–	dhateng–piyambak–ipun
H0935	H7350	H0776	H3478	H0376	H0413	H0413

בְּרִית׃	לָנוּ	כִּרְתוּ־	וְעַתָּה
prajanjèn	kanggé–kita	damelna–	lan–samenika
H1285		H3772	H6258

Kaya mangkono anggone padha sowan marang ing ngarsane Senapati Yusak ana ing pakemahan ing Gilgal. Ature marang Senapati Yusak lan para wong Israel: “Kula punika sami dhateng saking tanah tebih, lah sapunika panjenengan karsaa damel prajanjian kaliyan kula.”

7

בְּקִרְבֵּ֣ינוּ אוּלַ֗י הַחִוִּי֙ אֶל־ יִשְׂרָאֵ֔ל אִישׁ־)וַיֹּאמֶר( ]ויאמרו[
ing–antawis–kawula Bok–bilih tiyang–Hiwi dhateng– Israèl priya– Lan–ngandika [ketib]
H7130 H0194 H2340 H0413 H3478 H0376 H0559 H0559

לְךָ֖)אֶכְרָת־( ]אכרות־[וְאֵ֣יךְ יוֹשֵׁ֑ב אַתָּה
kanggé–panjenengan kawula–damel– [ketib] lan–kadospundi manggen panjenengan
H3772 H3772 H3772 H3427

בְּרִֽית׃
prajanjèn
H1285

Nanging wong Israel tumuli padha celathu marang wong Hewi mau: “Bokmanawi panjenengan punika sami manggen wonten ing tengah-tengah kula ngriki, kadospundi anggen kula saged damel prajanjian kaliyan panjenengan?”

8

וַיֹּ֣אמֶר אֲנַ֣חְנוּ עַבְדֶּ֔יךָ יְהוֹשֻׁ֣עַ אֶל־ וַיֹּ֥אמְרוּ
Lan–ngandika kita–punika abdi–panjenengan Yosua dhateng– Lan–ngandika
H0559 H0587 H5650 H3091 H0413 H0559

אַתָּ֖ה וּמֵאַ֥יִן תָּבֹ֑אוּ׃
panjenengan lan–saking–pundi panjenengan–dhateng
H0370 H0935

מִ֥י יְהוֹשֻׁ֖עַ אֲלֵהֶֽם
Sinten Yosua dhateng–tiyang–menika
H4310 H3091 H0413

Wonge padha matur marang Senapati Yusak: “Kula sami dadosa abdi-abdi panjenengan.” Tumuli padha didangu: “Panjenengan punika sinten saha rawuh panjenengan saking pundi?”

9

בָּ֣אוּ מְאֹ֗ד רְחוֹקָ֤ה מֵאֶ֙רֶץ֙ אֵלָ֔יו וַיֹּ֥אמְרוּ
dhateng sanget tebih saking–tanah– dhateng–piyambak–ipun Lan–ngandika
H0935 H3966 H7350 H0776 H0413 H0559

שָׁמַ֣עְנוּ כִּי־ אֱלֹהֶ֔יךָ יְהוָ֖ה לְשֵׁ֑ם עַבְדֶּֽיךָ׃
kita–mireng amargi– Gusti–Allah–panjenengan Yéhuwah kanggé–asma– abdi–panjenengan
H8085 H0430 H3068 H8034 H5650

בְּמִצְרָֽיִם׃ עָשָׂ֖ה אֲשֶׁ֥ר כָּל־ וְאֵ֥ת שָׁמְעֽוֹ
wonten–Mesir nglampahi punapa–ingkang– sedaya– lan–[obj]– kabar–ipun
H4714 H3605 H0853 H8089

Atur wangsulane: “Para abdi panjenengan punika dhateng saking tanah ingkang tebih sanget, awit saking asmanipun Yehuwah, Gusti Allah panjenengan; amargi kula sampun sami mireng wartosipun, inggih samukawis ingkang sampun dipun tindakaken wonten ing tanah Mesir,

10

הָאֱמֹרִ֑י מַלְכֵּ֣י לְשִׁנֵ֔י עָשָׂ֖ה אֲשֶׁ֥ר כָּל־ וְאֵ֥ת
tiyang–Amori para–raja– dhateng–kalih– nglampahi punapa–ingkang– sedaya– Lan–[obj]–
H0567 H4428 H8147 H3605 H0853

הַבָּשָׁ֔ן מֶ֖לֶךְ־ וּלְעֹ֣וג חֶשְׁבּ֑וֹן מֶ֖לֶךְ לְסִיחֹ֥ן הַיַּרְדֵּ֔ן בְּעֵ֣בֶר אֲשֶׁ֥ר
Basan raja– lan–dhateng–Og Hèsbon raja– dhateng–Sihon Yordan ing–sabrang– ingkang–
H1316 H4428 H5747 H2809 H4428 H5511 H3383 H5676

בְּעַשְׁתָּרֽוֹת׃ אֲשֶׁ֥ר
wonten–Astarot ingkang–
H6252

saha samukawis ingkang katandukaken dhateng ratunipun bangsa Amori kekalih ingkang wonten ing sabrangipun benawi Yarden, Sang Prabu Sihon, ratu ing Hesybon kaliyan Sang Prabu Og, ratu ing nagari Basan, ingkang akedhaton wonten ing Asytarot.

אַרְצֵנוּ	יֹשְׁבֵי	וְכָל־	זֻקֵינֵינוּ	אֵלֵינוּ	וַיֹּאמְרוּ	11
tanah–kita	ingkang–manggen–	lan–sedaya–	para–pinituwa–kita	dhateng–kita	Lan–ngandika	
H0776	H3427	H3605	H2205	H0413	H0559	

וּלְכוּ	לַדֶּרֶךְ	צֵידָה	בְיֶדְכֶם	קְחוּ	לֵאמֹר
lan–kesaha	kanggé–margi	bekal	wonten–asta–panjenengan	Pundhutna	ngandika
H3212	H1870	H6720	H3027	H3947	H0559

עַבְדֵיכֶם	אֲלֵיהֶם	וַאֲמַרְתֶּם	לִקְרָאתָם
abdi–panjenengan	dhateng–tiyang–menika	lan–ngandikaaken	kanggé–mapak–tiyang–menika
H5650	H0413	H0559	H7125

בְּרִית׃	לָנוּ	כִּרְתוּ־	וְעַתָּה	אֲנַחְנוּ	
prajanjèn	kanggé–kita	damelna–	lan–samenika	kita–punika	
H1285		H3772	H6258	H0587	

Milanipun para sesepuh kula kaliyan sakathahipun tiyang ing tanah kula sami meling dhateng kula, makaten: Padha nggawaa sangu kanggo ana ing dedalan lan padha methukna bangsa iku sarta padha matura: Kawula sami dados abdi panjenengan, mugi karsaa damel prajanjian kaliyan kula.

צֵאתֵנוּ	בְיוֹם	מִבָּתֵּינוּ	אֹתוֹ	הִצְטַיַּדְנוּ	חֹם	לַחְמֵנוּ	וְזֶה	12
medal–kita	ing–dinten–	saking–griya–kita	menika	kita–mbeta–bekal	anget	roti–kita	Punika	
H3318	H3117		H0853		H2525	H3899	H2088	

נִקְדֵּים׃	וְהָיָה	יָבֵשׁ	הִנֵּה	וְעַתָּה	אֲלֵיכֶם	לָלֶכֶת
remuk	lan–dados	garing	mangké	lan–samenika	dhateng–panjenengan	kanggé–mlampah
H5350	H1961	H3001	H2009	H6258	H0413	H3212

Punika roti kula, anggen kula mbekta saking griya kangge sangu taksih anget, nalika kula sami mangkat badhe lumampah sowan dhateng ing ngarsa panjenengan, kapirsanana sapunika sampun garing kantun gogrogan thok.

וְאֵלֶה	הִתְבַּקָּעוּ	וְהִנֵּה	חֲדָשִׁים	מִלְּאנוּ	אֲשֶׁר	הַיַּיִן	נְאָדוֹת	וְאֵלֶּה	13
lan–punika	pecah	lan–mangké	enggal	kita–isi	ingkang–	anggur	kirbat–	Lan–punika	
H0428	H1234	H2009	H2319	H4390		H3196	H4997	H0428	

מְאֹד׃	הַדֶּרֶךְ	מֵרֹב	בָּלוּ	וְנַעֲלֵינוּ	שַׂלְמוֹתֵינוּ	
sanget	margi	saking–kebak–	lawas	lan–trompa–kita	pangangge–kita	
H3966	H1870	H7230	H1086	H5275	H8008	

Lah punika impes wadhah anggur, punika kala kula iseni sami taksih enggal, mangga sapunika kapirsanana sampun sami bedhah, makaten ugi sandhangan kaliyan trumpah kula punika ugi sami sampun awon, jalaran saking lelampah ingkang tebih punika.”

שְׁאָלוּ׃	לֹא	יְהוָה	פִּי	וְאֶת־	מִצִּידָם	הָאֲנָשִׁים	וַיִּקְחוּ	14
nyuwun	mboten–	Yéhuwah	tutuk–	lan–[obj]–	saking–bekal–ipun	para–priya	Lan–mendhet	
H7592	H3808	H3068	H6310	H0853		H0376	H3947	

Wong Israel tumuli padha njupuk sangune wong-wong mau, nanging padha ora nyuwun putusan marang Sang Yehuwah.

לָהֶם	וַיִּכְרֹת	שָׁלוֹם	יְהוֹשֻׁעַ	לָהֶם	וַיַּעַשׂ	15
kanggé–tiyang–menika	lan–damel	tentrem	Yosua	kanggé–tiyang–menika	Lan–damel	
	H3772	H7965	H3091			

לָהֶם	וַיִּשְׁבְּעוּ	לְחַיּוֹתָם	בְּרִית	
dhateng–tiyang–menika	lan–sumpah	kanggé–nguripaken–tiyang–menika	prajanjèn	
	H7650	H2421	H1285	

הָעֵדָה׃	נְשִׂיאֵי	
pasamuwan	para–pangageng–	
H5712		

Senapati Yusak banjur memitran karo para wong iku mau sarta damel prajanjian manawa bakal padha diuripi, malah para panggedhene padha prajanji klawan sumpah.

16 וַיְהִי לנ–dados H1961 מִקְצַת שקg–tigang– H7969 שְׁלֹשֶׁת dinten H3117 יָמִים sasampun– H0413 אַחֲרֵי ingkang– H0834 אֲשֶׁר־ damel H3772 כָּרְתוּ

הֵם tiyang–menika H1992 קֹרְבִים celak H7138 כִּי־ bilih– H3588 וַיִּשְׁמְעוּ lan–mireng H8085 בְּרִית prajanjèn H1285 לָהֶם kanggé–tiyang–menika H1992

יֹּשְׁבִים׃ manggen H3427 הֵם tiyang–menika H1992 וּבְקִרְבּוֹ lan–ing–antawis–ipun H7130 אֵלָיו dhateng–piyambak–ipun H0413

Nanging sawise oleh telung dina anggone padha gawe prajanjian karo wong-wong iku mau, tumuli padha krungu warta, yen wong-wong iku padha manggon ana ing cedhakan bae, malah padha manggon ana ing satengahe.

17 וַיִּסְעוּ Lan–bidhal H5265 בְּנֵי־ para–putra– H1121 יִשְׂרָאֵל Israèl H3478 וַיָּבֹאוּ lan–dumugi H0935 אֶל־ dhateng– H0413 עָרֵיהֶם kutha–ipun H5892 בַּיּוֹם ing–dinten H3117 הַשְּׁלִישִׁי kaping–tiga H7992

וְקִרְיַת׃יְעָרִים lan–Kiryat-Yèarim H7157 וּבְאֵרוֹת lan–Béèrot H0881 וְהַכְּפִירָה lan–Kèfira H3716 גִּבְעוֹן Gibéon H1391 וְעָרֵיהֶם lan–kutha–ipun H5892

Amarga bareng wong Israel wus padha budhalan, ing telung dinane padha tekan ing kutha-kuthane wong-wong mau; dene kuthane yaiku: Gibeon, Kefira, Beerot lan Kiryat-Yearim.

18 וְלֹא Lan–mboten H3808 הִכּוּם ngalahaken–tiyang–menika H5221 בְּנֵי para–putra– H1121 יִשְׂרָאֵל Israèl H3478 כִּי־ amargi– H3588 נִשְׁבְּעוּ sumpah H7650

לָהֶם dhateng–tiyang–menika H0413 נְשִׂיאֵי para–pangageng– H5387 הָעֵדָה pasamuwan H5712 בְּיהוָה déning–Yéhuwah H3068 אֱלֹהֵי Gusti–Allah– H0430 יִשְׂרָאֵל Israèl H3478

הַנְּשִׂיאִם׃ para–pangageng H5387 עַל־ tumrap– H5921 הָעֵדָה pasamuwan H5712 כָּל־ sedaya– H3605 וַיִּלֹּנוּ lan–ngresula

Wonge padha ora dipateni dening wong Israel, amarga wus padha tampa prajanjian saka para panggedhening umat klawan sumpah atas asmane Yehuwah, Gusti Allahe Israel. Wong saumat kabeh padha pating kedumel marang para panggedhe mau.

19 וַיֹּאמְרוּ Lan–ngandika H0559 כָּל־ sedaya– H3605 הַנְּשִׂיאִם para–pangageng H5387 אֶל־ dhateng– H0413 כָּל־ sedaya– H3605 הָעֵדָה pasamuwan H5712 אֲנַחְנוּ kita–punika H0587

נִשְׁבַּעְנוּ sumpah H7650 לָהֶם dhateng–tiyang–menika H0413 בַּיהוָה déning–Yéhuwah H3068 אֱלֹהֵי Gusti–Allah– H0430 יִשְׂרָאֵל Israèl H3478 וְעַתָּה lan–samenika H6258 לֹא mboten– H3808

בָּהֶם׃ tiyang–menika H1992 לִנְגֹּעַ kanggé–ndemek H5060 נוּכַל kita–saged H3201

Sakehe para panggedhe padha mitutur wong saumat kabeh: “Aku wus padha prajanji marang para wong iku klawan sumpah atas asmane Sang Yehuwah, Gusti Allahe Israel, saiki aku padha ora kena ngarubiru wong iku.

20

אוֹתָם וְהַחֲיֵה לָהֶם נַעֲשֶׂה זֹּאת
tiyang–menika lan–nguripaken dhateng–tiyang–menika kita–badhe–nglampahi Punika
H0853 H2421 H2063

נִשְׁבָּעְנוּ אֲשֶׁר־ הַשְּׁבוּעָה עַל־ קֶצֶף עָלֵינוּ יְהֶיֶה וְלֹא־
kita–sumpah ingkang– sumpah tumrap– deduka tumrap–kita wonten lan–mboten–
H7650 H7621 H1961 H3808

לָהֶם׃
dhateng–tiyang–menika

Mangkene kang bakal padha daktindakake: Wong iku kareben padha diuripi, supaya kita aja nganti padha katiban ing bebendu gedhe awit saka sumpah kang wus padha daklairake marang wong-wong iku.”

21

וַיִּהְיוּ יֶחְיוּ הַנְּשִׂיאִם אֲלֵיהֶם וַיֹּאמֶר
lan–dados Tiyang–menika–gesang para–pangageng dhateng–tiyang–menika Lan–ngandika
H1961 H2421 H0413 H0559

כַּאֲשֶׁר הָעֵדָה לְכָל־ מַיִם וְשֹׁאֲבֵי־ עֵצִים חֹטְבֵי
kados– pasamuwan kanggé–sedaya– toya lan–tukang–mendet– kajeng tukang–negor–
H5712 H3605 H4325 H7579 H6086 H2404

הַנְּשִׂיאִם׃ לָהֶם דִּבְּרוּ
para–pangageng dhateng–tiyang–menika ngandika
H1696

Para panggedhe nuli padha nyambungi maneh: “Kareben paha lestari urip.” Wong-wong iku padha didadekake tukang amek kayu lan pangangsu lumadi marang wong saumat kabeh, kaya kang wus dadi katetepane para panggedhe mau tumrap wong-wong iku.

22

לֵאמֹר אֲלֵיהֶם וַיְדַבֵּר יְהוֹשֻׁעַ לָהֶם וַיִּקְרָא
ngandika dhateng–tiyang–menika lan–ngandika Yosua tiyang–menika Lan–nimbali
H0559 H0413 H1696 H3091 H7121

מִכֶּם אֲנַחְנוּ רְחוֹקִים לֵאמֹר אֹתָנוּ רִמִּיתֶם לָמָּה׃
saking–panjenengan kita–punika Tebih ngandika kita panjenengan–apus Kénging–punapa
H0587 H7350 H0559 H0853 H4100

יֹשְׁבִים׃ בְּקִרְבֵּנוּ וְאַתֶּם מְאֹד
manggen ing–antawis–kita lan–panjenengan sanget
H3427 H7130 H3966

Senapati Yusak banjur nimbali wong-wong mau, kang tumuli padha dipangandikani mangkene: “Yagene kowe kok padha ngapusi marang aku, pangucapmu: Panggenan kula tebih sanget saking panjenengan, jebulane kowe padha manggon ana ing tengahku kene?

23

עֶבֶד מִכֶּם יִכָּרֵת וְלֹא־ אַתֶּם אֲרוּרִים וְעַתָּה
abdi saking–panjenengan kaputus lan–mboten– panjenengan kena–laknat Lan–samenika
H5650 H3772 H3808 H0779 H6258

אֱלֹהָי׃ לְבֵית מַיִם וְשֹׁאֲבֵי־ עֵצִים וְחֹטְבֵי
Gusti–Allah–kawula kanggé–dalem– toya lan–tukang–mendet– kajeng lan–tukang–negor–
H0430 H4325 H7579 H6086 H2404

Kang iku kowe padha kenaa ing ipat-ipat lan kowe salawase padha dadi batur, yaiku tukang amek kayu lan juru pangangsu lumadi marang padalemane Gusti Alahku.”

24

הֶגֶד	הֻגַּד	כִּי	וַיֹּאמְרוּ	יְהוֹשֻׁעַ	אֶת־	וַיַּעֲנוּ	
sanget–dipunkabari	dipunkabari	Amargi–	lan–ngandika	Yosua	[obj]–	Lan–mangsuli	
H5046	H5046		H0559	H3091	H0853		

אֱלֹהֶיךָ	יְהוָה	צִוָּה	אֲשֶׁר	אֵת	לַעֲבָדֶיךָ	
Gusti–Allah–panjenengan	Yéhuwah	dhawuh	punapa–ingkang–	[obj]–	dhateng–abdi–panjenengan	
H0430	H3068	H6680		H0853	H5650	

הָאָרֶץ	כָּל־	אֶת־	לָכֶם	לָתֵת	עַבְדּוֹ	מֹשֶׁה	אֶת־	
tanah	sedaya–	[obj]–	dhateng–panjenengan	kanggé–maringi	abdi–ipun	Musa	[obj]–	
H0776	H3605	H0853		H5414	H5650	H4872	H0853	

מִפְּנֵיכֶם	הָאָרֶץ	יֹשְׁבֵי	כָּל־	אֶת־	וּלְהַשְׁמִיד	
saking–ngajeng–panjenengan	tanah	ingkang–manggen–	sedaya–	[obj]–	lan–kanggé–numpes	
H6440	H0776	H3427	H3605	H0853	H8045	

אֶת־	וַנַּעֲשֶׂה	מִפְּנֵיכֶם	לְנַפְשֹׁתֵינוּ	מֵאָד	וַנִּירָא	
[obj]–	lan–kita–nglampahi	saking–ngajeng–panjenengan	kanggé–nyawa–kita	sanget	lan–kita–ajrih	
H0853		H6440	H5315	H3966	H3372	

הַזֹּאת׃	הַדָּבָר
punika	bab
H2088	H1697

Wangsulane wong-wong mau marang Senapati Yusak: “Para abdi panjenengan sami angsal wartos ingkang gumathok, bilih Pangeran Yehuwah, Gusti Allah panjenengan, sampun paring dhawuh dhateng Nabi Musa, abdinipun, supados maringaken nagari punika sadaya dhateng panjenengan, sarta nyirnakaken sakathahipun tiyang ingkang manggen ing nagari punika saking ing ngarsa panjenengan; mila kula sami ajrih sanget manawi badhe kecalan nyawa kula wonten ing ngarsa panjenengan; inggih punika sababipun kula lajeng gadhah patrap ingkang kados mekaten punika.

25

וְכַיָּשָׁר	כַּטּוֹב	בְּיָדֶךָ	הִנְנוּ	וְעַתָּה	
lan–ingkang–leres	ingkang–sae	wonten–asta–panjenengan	mangké–kita	Lan–samenika	
H3477		H3027	H2009	H6258	

עֲשֹׂה׃	לָנוּ	לַעֲשׂוֹת	בְּעֵינֶיךָ
nglampahna	dhateng–kita	kanggé–nglampahi	wonten–netra–panjenengan

Lah sapunika kula sami wonten ing asta panjenengan, sami kadamela kados pundi ingkang kagalih prayogi tuwin leres ingkang badhe katandukake dhateng kula sadaya.”

26

מִיָּד	אוֹתָם	וַיַּצֵּל	כֵּן	לָהֶם	וַיַּעַשׂ	
saking–asta–	tiyang–menika	lan–ngluwari	mekaten	dhateng–tiyang–menika	Lan–nglampahi	
H3027	H0853	H5337				

הָרָגוּם׃	וְלֹא	יִשְׂרָאֵל	בְּנֵי־	
mejahi–tiyang–menika	lan–mboten	Israèl	para–putra–	
H2026	H3808	H3478		

Banjur iya mangkono iku kang katandukake dening Senapati Yusak marang wong mau, padha diluwari saka ing tangane wong Israel, satemah ora padha dipateni.

עֵצִים חֹטְבֵי הַהוּא בַּיּוֹם יְהוֹשֻׁעַ וַיִּתְּנֵם 27
kajeng tukang-negor- menika ing-dinten Yosua Lan-mapanaken-tiyang-menika
H6086 H2404 H1931 H3117 H3091 H5414

הַיּוֹם עַד־ יְהוָה וּלְמִזְבָּח לֶעֱדָה וְשֹׁאֲבֵי
dinten ngantos- Yéhuwah lan-kanggé-mesbèh- kanggé-pasamuwan toya lan-tukang-mendet-
H3117 H5704 H3068 H4196 H5712 H4325 H7579

פ יִבְחָר׃ אֲשֶׁר הַמָּקוֹם אֶל־ הַזֶּה
[para] milih ingkang- panggenan dhateng- punika
H0977 H4725 H0413 H2088

Lan ing dina iku uga wong-wong mau padha ditetepake dening Senapati Yusak dadi tukang amek kayu lan juru pangangsu lumadi marang umat lan marang misbyahe Pangeran Yehuwah nganti tumeka saprene, ana ing panggonan kang bakal dipilih dening Panjenengane.

Chapter 10

אֶת־ יְהוֹשֻׁעַ לָכַד כִּי־ יְרוּשָׁלַ͏ִם מֶלֶךְ אֲדֹנִי־צֶדֶק כִּשְׁמֹעַ וַיְהִי 1
[obj]- Yosua ngrebat bilih- Yerusalèm raja- Adoni-Zedek nalika-mireng- Lan-dados
H0853 H3091 H3920 H3389 H4428 H0139 H8085 H1961

כֵּן־ וּלְמַלְכָּהּ לִירִיחוֹ עָשָׂה כַּאֲשֶׁר וַיַּחֲרִימָהּ הָעַי
mekaten- lan-dhateng-raja-ipun dhateng-Yerikho nglampahi kados- lan-numpes-menika Ai
H4428 H3405 H5857

גִּבְעוֹן יֹשְׁבֵי הִשְׁלִימוּ וְכִי וּלְמַלְכָּהּ לָעַי עָשָׂה
Gibéon ingkang-manggen- damai lan-bilih- lan-dhateng-raja-ipun dhateng-Ai nglampahi
H1391 H3427 H4428 H5857

בְּקִרְבָּם׃ וַיִּהְיוּ יִשְׂרָאֵל אֶת־
ing-antawis-ipun lan-dados Israèl [obj]-
H7130 H1961 H3478 H0854

Bareng Prabu Adhoni-Zedhek, ratu ing Yerusalem mindhanget pawarta manawa Senapati Yusak wus mbedhah lan nyirnakake kutha Ai, sarta apa kang katandhukake marang kutha Yerikho lan ratune, uga kaetrapake marang kutha Ai lan ratune lan manawa wong ing kutha Gibeon wus padha nganakake prajanjian memitran karo wong Israel lan manggon ana ing satengahe,

הַמַּמְלָכָה כְּאַחַת עָרֵי גִּבְעוֹן גְּדוֹלָה עִיר כִּי מְאֹד וַיִּירְאוּ 2
karajaan kutha- kados-setunggal- Gibéon ageng kutha- amargi- sanget Lan-ajrih
H4467 H0259 H1391 H3966 H3372

גִּבֹּרִים׃ אֲנָשֶׁיהָ וְכֹל־ מִן־ הָעַי גְּדוֹלָה הֵיא וְכִי
gagah para-priya-ipun lan-sedaya- saking- Ai ageng menika lan-amargi-
H1368 H0376 H3605 H5857 H1931

temah wong padha wedi banget, amarga Gibeon iku kutha kang gedhe, kaya salah sawijining kutha karajan, malah luwih gedhe katimbang kutha Ai, sarta wong kabeh padha prawira.

וְאֶל־ חֶבְרוֹן מֶלֶךְ־ הוֹהָם אֶל־ יְרוּשָׁלַ͏ִם מֶלֶךְ אֲדֹנִי־צֶדֶק וַיִּשְׁלַח 3
lan-dhateng- Hèbron raja- Hoham dhateng- Yerusalèm raja- Adoni-Zedek Lan-ngutus
H0413 H4428 H1944 H0413 H3389 H4428 H0139 H7971

עֶגְלוֹן מֶלֶךְ־ דְּבִיר וְאֶל־ לָכִישׁ מֶלֶךְ־ יָפִיעַ וְאֶל־ יַרְמוּת מֶלֶךְ־ פִּרְאָם
Èglon raja- Dèbir lan-dhateng- Lakhis raja- Yafia lan-dhateng- Yarmut raja- Piram
H5700 H4428 H0413 H3923 H4428 H3309 H0413 H3412 H4428 H6502

לֵאמֹר׃
ngandika
H0559

Mulane Prabu Adhoni-Zedhek, ratu ing Yerusalem mau utusan menyang ing ngarsane Prabu Hoham, ratu ing nagara Hebron, Prabu Piream, ratu ing Yarmut, Prabu Yafia, ratu ing Lakhis, lan Prabu Debir, ratu ing Eglon, pangandikane:

4

גִּבְעוֹן	אֶת־	וְנַכֶּה	וְעִזְרֵנִי	אֵלַי	עֲלוּ־	
Gibéon	[obj]–	lan–ngalahaken–kita	lan–tulungana–kawula	dhateng–kawula	Minggaha–	
H1391	H0853	H5221	H5826	H0413	H5927	

יִשְׂרָאֵל׃	בְּנֵי	וְאֶת־	יְהוֹשֻׁעַ	אֶת־	הִשְׁלִימָה	כִּי־
Israèl	para–putra–	lan–[obj]–	Yosua	[obj]–	damai	amargi–
H3478		H0854	H3091	H0854		

“Panjenengan sami kula aturi rawuh lan mbiyantu kula, sumangga sami nggecak Gibeon, amargi sampun memitran kaliyan Yusak lan bangsa Israel.”

5

מֶלֶךְ־	יְרוּשָׁלַ͏ִם	מֶלֶךְ	הָאֱמֹרִי	מַלְכֵי	וַחֲמִשָּׁת	וַיַּעֲלוּ	וַיֵּאָסְפוּ
raja–	Yerusalèm	raja–	tiyang–Amori	para–raja–	gangsal–	lan–minggah	Lan–ngempalaken
H4428	H3389	H4428	H0567	H4428	H2568	H5927	H0622

מַחֲנֵיהֶם	וְכָל־	הֵם	עֶגְלוֹן	מֶלֶךְ־	לָכִישׁ	מֶלֶךְ־	יַרְמוּת	מֶלֶךְ־	חֶבְרוֹן
pasukan–ipun	lan–sedaya–	tiyang–menika	Èglon	raja–	Lakhis	raja–	Yarmut	raja–	Hèbron
H4264	H3605	H1992	H5700	H4428	H3923	H4428	H3412	H4428	

עָלֶיהָ׃	וַיִּלָּחֲמוּ	גִּבְעוֹן	עַל־	וַיַּחֲנוּ
tumrap–menika	lan–perang	Gibéon	tumrap–	lan–makemah
		H1391		H2583

Para ratune bangsa Amori lima mau tumuli padha ngempal lan majeng bareng: ratu Yerusalem, ratu ing Hebron, ratu ing Yarmut, ratu ing kutha Lakhis lan ratu ing kutha Eglon, dalah sabalane kabeh, padha ngadegake kemah ngepung kutha Gibeon lan nempuh perang.

6

לֵאמֹר	הַגִּלְגָּלָה	הַמַּחֲנֶה׀	אֶל־	יְהוֹשֻׁעַ	אֶל־	גִּבְעוֹן	אַנְשֵׁי־	וַיִּשְׁלְחוּ
ngandika	Gilgal	pasukan	dhateng–	Yosua	dhateng–	Gibéon	para–priya–	Lan–ngutus
H0559	H1537	H4264	H0413	H3091	H0413	H1391	H0376	H7971

מְהֵרָה	אֵלֵינוּ	עֲלֵה	מֵעֲבָדֶיךָ	יָדֶיךָ	תָּרֶף	אַל־	
énggal	dhateng–kita	Minggaha	saking–abdi–panjenengan	asta–panjenengan	ngèndeli	Sampun–	
H4120	H0413	H5927	H5650	H3027	H7503	H0408	

מַלְכֵי	כָּל־	אֵלֵינוּ	נִקְבְּצוּ	כִּי	וְעָזְרֻנוּ	לָנוּ	וְהוֹשִׁיעָה	
para–raja–	sedaya–	tumrap–kita	ngempalaken	amargi–	lan–tulungana–kita	kita	lan–slametna	
H4428	H3605	H0413	H6908		H5826		H3467	

הָהָר׃	יֹשְׁבֵי	הָאֱמֹרִי	
pegunungan	ingkang–manggen–	tiyang–Amori	
H2022	H3427	H0567	

Wong ing Gibeon banjur padha kongkonan menyang ing ngarsane Sang Senapati Yusak ana ing pakemahan ing kutha Gilgal, ature: “Mugi sampun ngantos negakaken para abdi panjenengan, enggal rawuha dhateng panggenan kula, ngluwari lan mitulungi kula, amargi sadaya ratunipun bangsa Amori ingkang wonten pareden sami sakuthon nglawan dhateng kula.”

7

הַמִּלְחָמָה	עִם	וְכָל־	הוּא	הַגִּלְגָּל	מִן־	יְהוֹשֻׁעַ	וַיַּעַל	
perang	tiyang–	lan–sedaya–	piyambak–ipun	Gilgal	saking–	Yosua	Lan–minggah	
H4421		H3605	H1931	H1537		H3091	H5927	

פ	חָיִל׃	גִּבּוֹרֵי	וְכָל	עִמּוֹ	
[para]	gagah	prajurit–	lan–sedaya–	kaliyan–piyambak–ipun	
	H2428	H1368	H3605		

Senapati Yusak banjur bidhal saka ing Gilgal, panjenengane lan wadya-bala kabeh, kabeh padha wong prawira lan gagah prakosa.

כִּי	מֵהֶם	תִּירָא	אַל־	יְהוֹשֻׁעַ	אֶל־	יְהוָה	וַיֹּאמֶר	8
amargi–	saking–tiyang–menika	ajrih	Sampun–	Yosua	dhateng–	Yéhuwah	Lan–ngandika	
	H1992	H3372	H0408	H3091	H0413	H3068	H0559	

אֵישׁ	יַעֲמֹד	לְא־	נְתַתִּים		בְּיָדֶךָ
priya	ngadeg	mboten–	Kawula–sampun–maringi–tiyang–menika		wonten–asta–panjenengan
H0376	H5975	H3808	H5414		H3027

בְּפָנֶיךָ׃	מֵהֶם
ing–ngajeng–panjenengan	saking–tiyang–menika
H6440	H1992

Pangeran Yehuwah ngandika marang Sang Yusak: “Sira aja wedi marang wong iku, uger iku wus padha Sunulungake ing tanganira, temah ora ana wong siji-sijia kang lestari urip ana ing ngarepira.”

מִן־	עָלָה	הַלַּיְלָה	כָּל־	פִּתְאֹם	יְהוֹשֻׁעַ	אֲלֵיהֶם	וַיָּבֹא	9
saking–	minggah	dalu	sedaya–	dadakan	Yosua	dhateng–tiyang–menika	Lan–dhateng	
	H5927	H3915	H3605	H6597	H3091	H0413	H0935	

הַגִּלְגָּל׃
Gilgal
H1537

Senapati Yusak banjur klawan ndadak nempuh marang mungsuhe, sawise sawengi muput bidhal saka ing Gilgal.

וַיַּכֵּם	יִשְׂרָאֵל	לִפְנֵי	יְהוָה	וַיְהֻמֵּם	10
lan–ngalahaken–tiyang–menika	Israèl	ing–ngajeng–	Yéhuwah	Lan–mbingungaken–tiyang–menika	
H5221	H3478	H6440	H3068	H2000	

בֵּית־חוֹרֹן	מַעֲלֵה	דֶּרֶךְ	וַיִּרְדְּפֵם	בְּגִבְעוֹן	גְּדוֹלָה	מַכָּה־
Bèt-Horon	pendakian–	margi–	lan–ngoyak–tiyang–menika	wonten–Gibéon	ageng	kekalahan–
H1032		H1870	H7291	H1391		H4347

מַקֵּדָה׃	וְעַד־	עֲזֵקָה	עַד־	וַיַּכֵּם
Makeda	lan–ngantos–	Azeka	ngantos–	lan–ngalahaken–tiyang–menika
H4719	H5704	H5825	H5704	H5221

Sang Yehuwah banjur damel kisruhing mungsuh ana ing ngarepe wong Israel, temah Senapati Yusak njalari mungsuhe padha kasoran banget ana ing sacedhake Gibeon, tumuli padha dioyak ana ing dalan kang ngener marang ing unggah-unggahan ing Bet-Horon, panggecake nganti tumeka ing Azeka lan ing Makeda.

הֵם	יִשְׂרָאֵל	מִפְּנֵי	וּבְנָסָם	וַיְהִי	11
tiyang–menika	Israèl	saking–ngajeng–	nalika–mlayu–tiyang–menika	Lan–dados	
H1992	H3478	H6440	H5127	H1961	

גְּדֹלָה	אֲבָנִים	עֲלֵיהֶם׀	הִשְׁלִיךְ	וַיהוָה	בֵּית־חוֹרֹן	בְּמוֹרַד
ageng	séla	tumrap–tiyang–menika	mbucal	lan–Yéhuwah	Bèt-Horon	wonten–penurunan–
	H0068		H7993	H3068	H1032	H4174

